Тускъаты Таймураз Русланы фырт у уæрæсейаг падзахадон æмæ наукон архайæг, 27 сентябыры 2016 азæй Республикæ Цагат Ирыстоны-Аланийы хицауады сæрдар, экономикон наукæты доктор, профессор, Европæйы æрдзонæнакадемийы æцæг уæнг (академик).

Райгуырд 22 августы 1966 азы горæт Владикавказы. Йæ фыд, Тускъаты Руслан Махарбеджы фырт 20 азæй фылдæр бакуыста Цагат Ирыстоны Æрæфы районы колхозы «Ирæф» сайраг инженерæй. Йæ мæд Тускъаты Таисия Дзамболаты чызг у Æрæфы районы рынчындоны сæйраг дохтыры хæдивæг Республикæ Цагат Ирыстоны-Аланийы сгуыхт дохтыр.

1983 азы Таймураз каст фаци Æрæфы районы Цыколайы фыццæгæм скъола.

1989 азы каст каст фæци Хæххон хъæууонн хæдзарадон институт (ныртæккæ ГГАУ) æмæ райста дæсныйад «Экономист бухгалтерон хыгъдай».

1989-1992 азты куыста черны районы Тулæйы области Н.А. Вознесенскийы номыл совхозы сæйраг бухгалтерай.

1992-1995 азты ахуыр кодта Хæххон аграрон университеты аспирантурайы дæсныйад «Экономика и управление народного хозяйства».

1996 азы бахъахъæдта кандидатон диссертаци экономикон наукатай мæна ахæм темæйæ:

«Обоснование приоритетных направлений повышения эффективности использования водно-земельных ресурсов орошаемого земледелия в условиях рыночной экономики».

2003 азы каст фæци К.А. Темирязевы номыл хъæууонхæдзарадон академи, бахъахъæдта дзы докторы диссертаци темæйæ «Управление техническим потенциалом сельскохозяйственного производства».

Йæ наукон куыстыты сæйраг тематикæ баст у хъæууон хæдзарады уынаффæйы техникæйæн цы ахадындзинад ис, уыима.

У уæлдæр скъолаты ахуыргæнæн чиныджы «Формирование и использование технического потенциала сельскохозяйственного производства» автортæй сæ иу («Лань», 2005 г).

1995 азæй фæстæмæ кодта ахуыргæнæджы куыст Хæххон Паддзахадон Аграрон Университеты, у экономикон наукæты доктор, профессор, бухгалтерон хинцынады кафедрайы сæрлæууæг.

1996 азæй 2000 азмæ уыд акционерон ахсæнæд ЗАО «Арианайы» сайраг бухгалтер.

2000 азæй 2005 азмæ ЗАО «Арианайы» финансон директор.

2005-2010 азты ЗАО «Арианайы» генералон директор.

2007 азы ссис Европæйы ардззон наукæты академийы æцæг уæнг (академик).

2007 азы 2 декабыры æвзæрст æрцыд депутатæй Цагат Ирыстоны-Аланийы Парламенты 4-ам расидты Æрæфы цыппæрæм æвзаран зылдæй.

2007 азæй 2014 азмæ - Цагат Ирыстоны-Аланийы берзейнаг-римаг хъæзтыты президент.

2010-2012 азты рæзамынг лавæрдта нæ республикæйы парламенты бюджеттæ æмæ фидтонты, хиисбонад æмæ кредитон организацийы комитетан.

2013 азы уыд Республикæ Цагат Ирыстоны-Аланийы Иумайаг Палатæйы уанг.

2013 азы – Уæрæсейы æрдзхахъхъæнынады Республикæ Цагат Ирыстоны-Аланийы Аудынады Советы уæнг.

2015 азы Республикæ Цагат Ирыстоны-Аланийы хицауады сæрдары фыццаг хæдивæг.

2016 азы Республикæ Цагат Ирыстоны-Аланийы сæрлаууаджы указмæ гæсгæ рæстæгмæ æхæстгæнæгæй Республикæ Цагат Ирыстоны-Аланийы хицауады сæрдарæй.

2016 азы 27 сентябыры Республикæ Цагат Ирыстоны-Аланийы сæрлаууаджы указмæ гæсгæ фидаргонд арцыд Республикæ Цагат Ирыстоны-Аланийы хицауады сæрдарæй.

Ис ын бинойнаг, æмæ æртæ сывæллоны.